

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita dongéng sarta ngabandingkeun fungsi cai anu nyampak dina dongéng Sunda nu miboga unsur cai. Pikeun ngahontal éta tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif. Obyék tina ieu panalungtikan nya éta 17 dongéng Sunda anu miboga unsur cai dina caritana. Ieu panalungtikan ngawengku dua tahap analisis nya éta analisis struktural dongéng-dongéng Sunda nu miboga unsur cai sarta ngabandingkeun fungsi cai dina dongéng Sunda ngagunakeun pamarekan intertéktual.

Struktur dina dongéng Sunda anu miboga unsur cai dianalisis ngagunakeun tiori Koswara anu ngawengku téma, galur, latar, jeung palaku. Tina 17 dongéng anu dianalisis, aya sababaraha dongéng anu miboga téma sarua. Dongéng “Sasakala Walungan Citarum”, “Sasakala Situ Bagendit”, “Maung Kajajadén”, jeung dongéng “Munding jeung Oray Totog” miboga téma anu sarua nya éta lakulampah goréng bakal meunang wawales anu goréng ogé. Tuluy téma asal muasal hiji hal aya dina dongéng “Ngaran Cijéngkol”, “Ngaran Cibadak-Bungur Sarang”, “Ngarang Pawenang”, “Bebentét”, jeung dongéng “Cigunung Geulis”. Téma dina dongéng “Sasakala Maribaya” nya éta usaha anu tekun hiji jalma pikeun ngahontal anu dipikahayang. Dongéng “Putri Tangkal Jéngkol”, “Monyét Ki Mandahong”, “Nyi Roro Kidul” jeung dongéng “Sasakala Kalapagenep” miboga téma anu museur dina paripolah jalma dina nyanghareupan pasualan-pasualan anu karandapan boh disanghareupan ku cara hadé boh teu hadé. Téma dina dongéng “Mama Lurah Sakti Ngubaran nu Kateluh” nya éta ngeunaan kakuatan doa. Lamun dina dongéng “Sasakala Leuwironggéng” témana nya éta sakumaha rencana anu dijieun ku manusa, Allah nu nangtukeun.

Galur tina 17 dongéng anu dianalisis ngagunakeun galur maju atawa mérélé. Latar anu digunakeun nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Hampir kabéh dongéng miboga latar tempat sabudeureun kahirupan karajaan atawa nagara. Latar waktuna nya éta jaman baheula sarta latar sosialna dibagi jadi tilu nya éta latar sosial

handap, latar sosial menengah, jeung latar sosial luhur. Palaku dina unggal dongéng ngawengku palaku utama nu miboga fungsi pikeun nepikeun téma carita nu mangaruhan kana jalanna carita jeung palaku tambahan minangka panglengkep.

Analisis fungsi cai dina dongéng di luhur sumender kana tiori intertékstual Bakhtin. Tina 17 dongéng anu dianalisis, kasampak aya fungsi cai anu sarua tina sababaraha dongéng sarta aya ogé anu béda. Fungsi cai anu aya dina dongéng diantara cai minangka ubar, cai minangka ngaran wilayah, cai minangka tapel wates, cai minangka mamala, cai minangka kabutuhan sapopoé, jeung cai minangka pantrangan.

Fungsi cai minangka ubar kasampak dina dongéng “Sasakala Maribaya”, “Mama Lurah Sakti”, “Putri Tangkal Jéngkol”, jeung dongéng “Nyi Roro Kidul”. Fungsi cai minangka kabutuhan sapopoé aya dina dongéng “Sasakala Pangguyangan Badak Putih”, “Sasakala Walungan Citarum”, “Cigunung Geulis” jeung dongéng “Monyét Ki Mandahong”. Fungsi cai minangka ngaran wilayah kasampak dina dongéng “Sasakala Pangguyangan Badak Putih”, “Ngaran Cijéngkol”, “Ngaran Cibadak-Bungur Sarang”, jeung “Ngaran Pawenang”. Lian ti jadi unsur pangwangun ngaran wilayah, cai ogé jadi tapel wates wilayah saperti dina dongéng “Sasakala Walungan Citarum”. Fungsi cai anu jadi pantrangan aya dina dongéng “Bebentét”, “Maung Kajajadén” jeung dongéng “Munding jeung Oray Totog”. Fungsi cai minangka mamala aya dina dongéng “Sasakala Situ Bagendit”, “Sasakala Kalapagenep”, “Sasakala Leuwironggég”, “Maung Kajajadén”, jeung dongéng “Munding jeung Oray Totog”.

Dumasar kana pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén tina 17 dongéng Sunda anu miboga unsur cai miboga struktur carita nu lengkep. Tina 17 dongéng Sunda anu miboga unsur cai, bisa dipaluruh ngeunaan fungsi caina.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisisna, ieu panalungtikan miboga implikasi dina widang paélmuan, jeung widang atikan. Pikeun widang paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh dina widang sastra, hususna ngeunaan ulikan struktural jeung intertékstual anu dilarapkeun kana karya sastra. Pikeun widang atikan, ieu

panalungtikan dipiharep bisa jadi tarékah pikeun ngungkulan pasualan dina krisis literasi pikeun barudak.

5.3 Rékoméndasi

Saran dina ieu panalungtikan ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nya éta pikeun panalungtik hususna, pikeun guru, jeung masarakat umum. Panalungtik dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar deui. Guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka rujukan atawa référénsi dina nangtukeun bahan bacaan nu ngandung ajén-ajén atikan hadé. Masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sastra husuna ngeunaan dongéng anu geus raket patalina jeung kahirupan masarakat. Lian ti éta, masarakat dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu obyék panalungtikan dongéng minangka bacaan anu hadé pikeun barudakna.